

# GID POU KONPRANN *EGALITE SÈKS AK JAN*

*YON ZOUTI POU EDE JEN YO  
KONPRANN, REFLECHI AK AJI*

*EDISYON DEKOUVÈT*



WADLEY B. MICHEL

# GID POU KONPRANN EGALITE SÈKS AK JAN

*Yon zouti pou ede jèn yo konprann, reflechi ak aji*



© 2026 Wadley B. Michel – GenderEquiTalk  
GID POU KONPRANN EGALITE SÈKS AK JAN  
Gid pou jèn, lekòl ak òganizasyon kominotè  
Wadley B. Michel  
GenderEquiTalk, 2026

Lisans: **CC BY-NC-ND 4.0 International**  
Gratis pou itilizasyon edikatif | Pa modifye | Sitasyon obligatwa

**Ou gen dwa:**

- Telechaje, enprime, epi pataje gid sa nan kad aktivite edikatif
- Itilize li nan lekòl, atelye ak aktivite kominotè

**Ou pa gen dwa:**

- Vann gid la oswa nenpòt pati ladan li
- Modifye, adapte oswa transfòme kontni an
- Itilize li pou rezon komèsyal

**Sitasyon obligatwa:** *“Wadley B. Michel – GenderEquiTalk”*

**Lisans konplè:** <https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/>

**Sit entènèt:** [www.genderequitalk.com](http://www.genderequitalk.com)

Gid sa fèt pou sipòte aprantisaj, sansibilizasyon ak refleksyon sou kesyon egalite sèks ak jan. Responsablite pou itilizasyon enfòmasyon ki nan gid sa rete nan men itilizatè a.

# SOMÈ

Remèsiman ak Dedikas .....	5
Byenvini .....	6
Poukisa liv sa enpòtan .....	7
Kisa n'ap tann de ou .....	8
Avan nou komanse .....	9
Chapit 1: Sèks ak Jan.....	10
Chapit 2: Estereyotip, Prejije ak Diskriminasyon.....	15
Chapit 3: Egalite ak Ekite.....	23
Chapit 4: Konsantman ak Respè .....	30
Chapit 5: Pouvwa ak Privilèj .....	36
Chapit 6: Divèsite ak Enklizyon .....	42
Chapit 7: Lidèchip ak Enfliyans .....	50
Chapit 8: Rezilyans ak Konfyans nan tèt ou .....	57
Chapit 9: Aksyon ak Angajman .....	66
Mo pouw konprann pi byen .....	73
Mesaj final.....	75



# Remèsiman ak Dedikas!

Liv sa dedye pou tout jèn ki vle aprann, reflechi ak aji pou chanje mond lan, kòmanse ak tèt yo, fanmi yo ak kominote yo.

Mwen dedye liv sa ak rekonesans pou papa m ak manman m, Bertin Michel ak Marie Françoise Lubin Michel, ki toujou ankouraje m, kwè nan mwen e ki enspire m gras a angajman yo, pou mwen kontribye nan chanjman pozitif nan kominote m ak ede lòt moun. Nan vil kote m fèt (Chadonyè) paran m pa rekonèt pou lajan ni otorite, men pou lidèchip ak enfliyans yo, yon lidèchip ki baze sou sèvis.

Mwen dedye liv sa tou pou tout moun ki kwè nan vizyon sa a, ki ankouraje ak sipòte m pandan preparasyon liv sa. Yon dedikas espesyal pou zanmi m, kominote GenderEquiTalk la, ak tout moun ki angaje pou chanjman pozitif ak egalite nan lavi chak jou.

Travay sa se pa pou mwen sèlman, se pou nou tout.



# Byenvini!

Mèsi paske ou chwazi liv sa pou aprann plis sou egalite sèks ak jan.

Liv sa fèt pou ede w konprann, reflechi, epi aji pou chanje mond lan, kòmanse ak ou menm, fanmi w, ak kominote w.

Pran tan pou li, reflechi sou kesyon yo, epi patisipe nan aktivite yo. Ou ka sèvi ak espas nòt yo pou ekri panse w ak aksyon w vle fè.



## Poukisa Liv sa enpòtan?

Ou ap grandi nan yon mond ki ap chanje rapidman. Ou menm ak zanmi w yo ap fè fas ak kesyon e defi sou idantite, relasyon, ak plas nou nan sosyete a ke jenerasyon anvan nou yo pat janm genyen. Men chanjman sa yo vini ak opòtinite ki enteresan anpil pou nou kreye yon mond ki pi jis, pi egal, e ki aksepte divèsite.

## Liv sa pral ede w :

- Konprann diferans ki gen ant sa nou ye ak sa sosyete a vle nou ye ;
- Rekonèt ak kraze estereyotip ki limite nou menm ak lòt moun nan sa nou ka ye e fè ;
- Devlope kapasite pou kreye relasyon nan respè youn pou lòt ;
- Aprann ki jan pou vin yon lidè ak yon ajan chanjman nan kominote w ;
- Bati konfyans ak rezilyans kap ede'w fè fas ak defi yo epi grandi.

## Ki jan pou ou itilize liv sa ?

Liv sa a diferan de lòt liv yo. Li pa sèlman pou li, men se yon zouti ki la pou ede'w konprann mond lan pi byen, poze kesyon, epi wè kote w kanpe nan sa ki gen pou wè ak egalite sèks ak jan.

## Estrikti chak chapit:

- **Sa w'ap aprann** : Seksyon ki ouvè chak chapit epi prezante objektif yo ;
- **Istwa** : Karaktè ak sitiyasyon ou ka idantifye'w ak yo ;
- **Konprann sijè a** : Enfòmasyon ak konsèp ki klè e aksesib ;
- **Kesyon pou reflechi** : Kesyon pèsònèl ak espas pou ekri ;
- **Aktivite Pratik** : Egzèsis pratik ;
- **Rapèl Kle** : Pwen kle pou w sonje ;
- **Defi pou Semèn nan** : Aksyon konkrè pou aplike sa w aprann nan lavi w.

## Fason pou li liv sa

- ✓ **Lekti endividyèl** :
  - Li nan vitès ou epi pran tan w pou reflechi ;
  - Fè aktivite yo e adapte yo selon entèrè ak sikonstans ou.
- ✓ **Ak zanmi oswa fanmi** :
  - Diskite chapit yo ak moun ou gen konfyans nan yo ;
  - Fè aktivite yo ansanm epi pataje eksperyans yo.
- ✓ **Nan klas oswa gwoup** :
  - Itilize kòm baz pou diskisyon ak deba ;
  - Òganize aktivite ak pwojè ki gen rapò ak tèm yo.

## Kisa nou ap tann de ou?

Nou pap mande ou aksepte tout bagay yo san reflechi. Nou ankouraje w pou :

- Poze kesyon epi diskite ide yo selon pwòp eksperyans ak rechèch ou ;
- Rete ouvè ak nouvo pèspektiv yo ak fason ou wè bagay yo ;
- Respekte diferans yo e rekonèt divèsite ak valè eksperyans chak moun ;
- Pran desizyon epi mete sa ou aprann yo an pratik nan lavi w.

Nou pap jije w pou kote ou kòmanse oswa ki opinyon ou gen. Liv sa la pou ede'w grandi ak evolye.

## Kisa nou pwomèt ou?

**Nan liv sa a, nou pwomèt :**

- ✓ Enfòmasyon ki otantik ki baze sou rechèch ak ekspètiz ;
- ✓ Langaj ki fasil pou konprann ak egzanp ki gen rapò ak sa w'ap viv chak jou ;
- ✓ Respè ak enklizyon pou divèsite, eksperyans ak pèspektiv yo ;
- ✓ Aktivite pratik ou ka aplike nan lavi w kounye a.

# Anvan nou kòmanse, pran yon moman pou reflechi sou kesyon sa yo:

- Ki sa ou konnen deja sou egalite sèks ak jan e kote konesans sa soti?

.....

.....

.....

- Ki atant oswa esperans ou genyen de liv sa?

.....

.....

.....

- Ki defi oswa rezistans ou panse ou ka genyen e ki jan ou ka depase yo?

.....

.....

.....

## Enpòtan

- **Pa gen repons ki "pa bon"** : Sèlman repons ki otantik e ki vini de eksperyans ou.
- **Grandi pran tan** : Pa met presyon sou tèt ou epi pran pasyans si w pa ta konprann tout bagay yon sèl kou.
- **Ou pa pou kont ou** : Gen moun ak resous ki la pou sipòte w nan vwayaj la.

*Nou enterese anpil pou konnen ki jan ou pral grandi, ak ki enpak ou pral gen nan kominote w. Pa ezite pataje eksperyans ou, aksyon ou yo e menm kesyon ou yo ak nou sou platfòm nou yo.*

- **Sonje...**
- Ou pa twò jèn pou panse pou tèt ou.
- Ou pa twò jèn pou ou gen dwa e jwi yo.
- Ou pa twò jèn pou w chanje bagay yo menm si se ak yon mo, yon jès oswa yon aksyon.

# CHAPIT 1: SÈKS AK JAN



## Sa w'ap aprann

Èske ou pa janm mande tèt ou poukisa moun souvan asosye koulè ble ak ti gason, e koulè woz ak tifi ? Poukisa gen travay yo di se travay fanm e genyen yo di se travay gason ? Nan chapit sa a, nou pral pale de diferans ki gen ant sèks (sa nou fèt ak li) ak jan (sa sosyete a ap tann de nou).



Maria ak Alex se de zanmi ki nan menm klas. Jodi a, yo gen yon pwojè nan syans yo dwe fè ansanm. Maria renmen syans anpil, men li remake ke li se sèl tifi ki leve men pou pale nan klas syans lan. Alex renmen kwit manje ak ede manman l nan kuizin nan, men zanmi li yo toujou ap ri l yo di se "travay tifi" sa ye.

Yo chita ansanm ap travay epi yo kòmanse pale.

Maria : Mwen pa konprann. Poukisa yo toujou ap di m mwen se tifi kòman mwen fè renmen syans ? Èske gen yon bagay ki mal nan sa ?

Alex vire gade l : Mwen konprann ou. Mwen tou, mwen renmen kwit manje epi ede manman m nan kuizin lan men zanmi m yo toujou ap ri m pou sa. Pafwa menm manman m konn di'm deplase nan kuizin lan. Kounya gen moun k ap mande si m gen pwoblèm. Men m pa gen okenn pwoblèm, m jis renmen fè manje, m pa wè poukisa yo pa ka konprann sa.

Maria ak Alex ap viv yon eksperyans ki rive anpil jèn. Yo ap fè fas ak diferans ki gen ant sa yo fèt ak li (sèks yo: tifi ak tigason) ak atant sosyete a gen de yo (tifi pa ka renmen syans, tigason pa dwe nan kuizin).



## Konprann sijè a

### Kisa ki sèks?

Sèks se karakteristik fizik ke nou fèt ak yo. Li gen rapò ak :

- Ògan jenital yo (pati kò ki diferan) ;
- Òmòn yo (pwodwi chimik ki nan kò a) ;
- Kwomozòm yo (XX pou fanm, XY pou gason an jeneral).

Sa yo se bagay ki vin ak nou depi nou fèt men yo pa gen rapò ak sa nou renmen fè oswa ki jan nou konpòte nou.

### Kisa ki jan?

Jan se sa sosyete a ap atann de nou ki gen rapò ak jan nou konpòte nou, sa nou renmen, ak wòl nou jwe nan sosyete a. Egzanp:

- "Gason yo pa kriye, fanm yo pi dous"
- "Gason yo dwe travay deyò, fanm yo dwe rete lakay"

Jan se yon bagay sosyete a fè, li pa yon bagay natirèl. Li varye de yon sosyete a yon lòt e li ka chanje ak tan

### Poukisa sa enpòtan?

Lè nou konprann diferans la, nou vin ka:

- **Lib pou nou menm** : Nou pa gen pou limite nou ak sa moun ap di.
- **Gen respè pou lòt yo** : Nou konnen chak moun gen dwa fè pwòp chwa yo.
- **Kraze estereyotip yo** : Nou ka wè pi lwen pase sa yo toujou ap di a.
- **Kreye yon mond pi jis** : Kote chak moun gen menm opòtinite.



## Kesyon pou reflechi

1. Kisa oupanse de istwa Maria ak Alex la ?

2. Ki bagay ou renmen fè men moun di w "sa pa pou ou" akòz sèks ou?

3. Ki jan ou tap santi w si ou te gen libète pou chwazi sa ou renmen san moun pa jije w?

# AKTIVITE PRATIK

1. *Pou 3 jou, remake ak note (nan tèt ou oswa sou papye) chak fwa ou tande:*

- "Gason yo dwe..."
- "Fanm yo dwe..."
- "Sa pa pou ti fi/ti gason"

Konte konben fwa ou tande bagay sa yo. Ou ka sezi!

2. *Fè yon lis ak 10 bagay ki dekri ou san ou pa itilize mo ki gen rapò ak sèks oswa jan. Egzanp:*

- Mwen renmen li
- Mwen kreyatif anpil
- Mwen renmen ede moun...



**"Egalite pa vle di nou menm jan, li vle di nou tout gen menm valè."**

3. *Pale ak yon moun pi gran nan fanmi w (manman, papa, granmoun) ak mande yo:*

- "Ki mantalite ki te gen sou fi ak gason lè nou te pi jèn?"
- "Ki bagay ki chanje depi lè sa a?"
- "Sa ou kwè ki pi enpòtan pou mwen konnen?"



**Defi pou semèn nan**

Chwazi yon bagay ou te toujou vle eseye men ou pa t janm fè akòz sa moun ap di. Semèn sa a, bay tèt ou pèmasyon pou l eseye.



## Rapèl Kle


### *Sa pou sonje*

- Sèks = biyolojik , sa nou fèt ak li (kò nou).
- Jan = sa sosyete a aprann nou (konpòtman ak wòl).
- Chak moun gen dwa pou yo chwazi sa yo renmen fè.
- Nou tout gen valè ak kapasite nou kit nou se fi, kit nou se gason.



## Pou kontinye reflechi

- Ki jan mwen ka ede zanmi ak fanmi mwen yo konprann diferans sa yo?
- Ki jan mwen ka kominike pi ouvè e ak plis respè ak moun ki diferan de mwen?
- Ki opòtinite mwen ka gen si mwen pa kite sa moun di limite mwen?



***Nan chapit 2 a, nou pral gade ki jan estereyotip, prejije ak diskriminasyon yo afekte lavi nou chak jou ak kòman nou ka aji sou yo.***

# CHAPIT 2: ESTEREYOTIP, PREJIJE AK DISKRIMINASYON



## Sa w'ap aprann

*Ou abitye tande moun yo di "Plas fanm se nan kuizin" ? E gen moun ki konn menm panse ke yon fanm pa ka yon bon dirijan paske plas fanm se nan kuizin. Oubyen yon gason pa ka enfimye paske se travay fanm. Ou konn santi w oblije konfòme w ak sa moun yo ap espere de ou akòz sèks ou? Ou konn remake ki jan moun yo gen pwòp lide yo sou sa ou ka fè oswa pa ka fè anvan yo konnen ou?*

*Nan chapit sa, w ap aprann ki jan estereyotip, prejije ak diskriminasyon yo konekte ak ranfòse youn ak lòt; ki kote yo sòti; ak ki estrateji ou ka itilize pou rekonèt, konfwonte, ak depase yo nan lavi w ak nan kominote w.*



## ISTWA

Jessica ak Kevin se de zanmi ki nan menm klas matematik la. Yo gen yon egzamen enpòtan k ap vini e yo tou de ap preparel. Men yo ap konfwonte pwoblèm pa yo ki diferan men ki gen rapò ak estereyotip ak prejije.

**Jessica ak Matematik:** Jessica se elèv ki pi fò nan matematik nan klas la. Li gen kapasite natirèl pou li rezoud gwo pwoblèm. Men lè li di zanmi l yo li vle vin enjenyè, yo ri l. "Fanm yo pa fò nan travay sa yo," youn nan yo di l. "Ou pi bon pou w al fè syans infimye oswa pwofesè. Sa yo se travay ki pi bon pou fanm."

Menm nan klas matematik la, Jessica remake ke:

- Pwofesè a pi souvan ap mande gason yo reponn kesyon yo
- Lè li leve men l, pwofesè a pafwa pa wè l oswa li tann anpil tan anvan li rele l
- Gason yo nan klas la konn di li ap kopye lè li gen bon nòt

Jessica kòmanse doute tèt li. "Èske moun yo gen rezon? Èske m'ap pèdi tan m ak rèv sa a?"

**Kevin ak Ekspresyon:** Kevin, sou lòt bò a, renmen ekri e li bon nan literati ak atizana. Li vle etidye atizana ak literati nan inivèsite lè li fini lekòl.

Men Kevin ap konfwonte estereyotip ki diferan:

Papa I di I "Gason pa fè bagay sa yo". "Ou bezwen etidye bagay ki ka fè ou fè lajan, tankou biznis oswa enjenyè oswa medsin. Literati ak atizana se pou fanm ak moun ki pa gen responsablite."

Nan lekòl la, zanmi gason Kevin yo:

- Ri I lè li patisipe nan klèb literati a ;
- Rele I "ti fi" lè li eksprime emosyon li yo nan tèks li yo ;
- Di I li "twò sensib" ak li "pa djanm ase pou yon gason".

Kevin kòmanse kache pasyon I. Li sispann patisipe nan aktivite li vrèman renmen yo epi li kòmanse pretann li enterese ak bagay ki "pi maskilen" .

### **Yo Rankontre e Diskite**

Yon jou nan kafeterya a, yo chita ansanm e yo kòmanse pale sou pwoblèm yo. Yo reyalize yo gen menm pwoblèm lan: ***estereyotip kap anpeche yo swiv rèv yo ak yo fè yo doute de kapasite ak valè yo.***

Jessica di: "Li san sans, poukisa sa mwen renmen ak sa mwen bon nan li ta dwe gen rapò ak kò mwen?"

Kevin reponn : "Egzakteman, Epi poukisa moun yo kwè yo konnen sa mwen ka fè pi byen pase mwen menm?"

Yo deside yo pa vle aksepte estereyotip sa yo e yo vle aprann ki jan pou yo konfwonte e chanje sa.



## Konprann sijè a

*Estereyotip se ide jeneral ke yo fè sou yon gwoup moun ki souvan pa egzat e ki limite ak redwi moun yo nan kèk karakteristik yo pa ye.*

### Karakteristik Estereyotip yo:

- Jeneralizasyon yo ki rapid sou yon gwoup moun ;
- Reziste chanjman menm ak prèv ki kontrè ;
- Senp e redui moun yo nan konpleksite reyèl yo ;
- Souvan gen rapò ak pouvwa e dominasyon sosyal ;
- Estereyotip la ka pozitif oubyen negatif men jeneralman li negatif.

*Prejije se atitud ak santiman ki gen nan tèt moun sou yon lòt gwoup moun ki baze sou estereyotip olye ke yo baze sou eksperyans ak konesans reyèl yo.*

### Fòm Diskriminasyon yo:

- **Diskriminasyon Dirèk** : Tretman ki klèman diferan ;
- **Diskriminasyon Endirèk** : Règleman ak pratik ki gen enpak negatif sou gwoup yo ;
- **Diskriminasyon Sistemik** : Ensètitud ki bati nan enstitisyon ak sistèm yo ;
- **Mikwo-agresyon** : Aksyon ak mo ki parèt pa grav men ki lakòz domaj.

*Diskriminasyon se fason nou trete moun yo souvan akòz prejije yo.*

## Diferans ant estereyotip, prejije ak diskriminasyon

- **Estereyotip** = Sa nou panse sou yon gwoup moun
- **Prejije** = Jan nou santi nou parapò ak gwoup moun sa
- **Diskriminasyon** = Jan nou aji sou baz estereyotip ak prejije sa yo

### Ki kote estereyotip yo soti?

#### Nan Fanmi

- Jwèt ak kado yo ki separe pa jan (poupe pou tifi, machin pou tigason) ;
- Konpòtman ak atant yo ki diferan pou gason ak fanm ;
- Kèk kòmantè ki ranfòse estereyotip ;
- Modèl ak egzanp nan konpòtman granmoun yo.

#### Lekòl ak Edikasyon

- Pwofesè ki gen atant diferan de ti fi ak ti gason ;
- Kourikoulòm ki pa reprezante istwa tout sèks menm jan ;
- Konsèy karyè ki limite selon sèks elèv yo ;
- Egzanp nan klas ki repete ide ki pa vrè sou wòl fi ak gason.

#### Sosyete ak Kilti

- Tradisyon ak pratik ki pase de jenerasyon an jenerasyon ;
- Relijyon ak valè ki entèprete epi aplike diferan pou fi ak gason ;
- Travay ak ekonomi ki separe moun selon sèks oswa jan yo ;
- Lwa ak politik ki ranfòse inegalite ak limit aksè moun.

#### Medya

- Fim ak emisyon televizyon ki montre wòl limite pou fi ak gason ;
- Piblisite ki sèvi ak stereotip pou vann pwodwi ;
- Liv ak istwa ki repete wòl tradisyonèl nan sosyete a ;
- Videyo ak jwèt ki ranfòse atant ki gen rapò ak sèks ak jan moun yo.

## Enpak Estereyotip, prejije ak diskriminasyon

### **Sou Devlopman Pèsonèl :**

- Estim ak konfyans nan tèt ou ki diminye ;
- Potansyèl ak kapasite yo ki pa devlope ;
- *Chwa ak desizyon yo ki enfliyanse ak limite.*

### **Sou Relasyon yo :**

- Konpreyansyon ak anpati ki redwi ;
- Kominikasyon ak koneksyon ki sipèfisyèl ;
- Atant ak presyon yo ki twòp ;
- Konfli ki ogmante.

### **Sou Sosyete a :**

- Inegalite ak ensekrite ki ap kontinye ;
- Talan ak kreyativite ki pèdi ;
- Pwogrè ak inovasyon ki ralanti ;
- Divizyon ki ogmante.

*"Estereyotip limite panse nou, prejije limite kè nou,  
diskriminasyon limite fason nou viv."*



## Kesyon pou reflechi

1. Ki estereyotip ou te tande sou gwoup ou ye a e kijan sa te afekte w?

2. Sa rive w deja ou fè lide w sou yon moun ki baze sou aparans li oubyen gwoup li ye a epi ou te vin reyalize ou te gen tò?

3. Kijan moun yo reyaji lè lòt moun kraze estereyotip yo e fè bagay yo "pa espere"?

# AKTIVITE PRATIK

## Aktivite 1: Detekte Estereyotip nan Medya

**Objektif: Devlope je kritik pou idantifye estereyotip**

Pou yon semèn, gade televizyon, fim, ak rezo sosyal epi note estereyotip ou wè

Epi

Kreye yon tablo ak:

- Estereyotip ou obsève yo
- Ki gwoup moun ki konsène
- Ki jan yo prezante yo
- Ki mesaj yo voye



## Aktivite 2: Defi Estereyotip Pèsonèl

**Objektif: Konfwonte ak chanje prejije pèsonèl yo**

1. Idantifye yon estereyotip ou gen e ou reyalize li pa jis ;
2. Chèche enfòmasyon ak prèv ki kontrè ak estereyotip la ;
3. Chèche epi pale ak moun ki nan antouraj ou pou konprann eksperyans reyèl yo ;
4. Reflechi sou ki jan atant ou chanje.

*"Pa kite ide tou fèt anpeche w aprann konnen moun pou sa yo ye."*



## Rapèl Kle

### Sa pou sonje :

- Estereyotip yo se ide ki senp men ki pa reflekte reyalite moun yo.
- Nou tout gen prejije , sa ki enpòtan se rekonèt e travay sou yo.
- Estereyotip yo limite e fè anpil domaj .
- Chanjman kòmanse ak nou e li kontinye lè nou enfliyanse ak pataje sa nou konnen ak lòt yo.

### Estrateji pou konfwonte estereyotip yo :

- Koute ak aprann nan eksperyans reyèl lòt moun ;
- Poze kesyon olye ou tou kreye pwòp lide w ouben repete sa w abitye tande ;
- Chèche e edike tèt ou sou reyalite yo ;
- Sipòte ak ankouraje moun ki kraze estereyotip yo.


### Estrateji pou chanje prejije yo :

- Ekspoze tèt nou ak divèsite ak nouvèl pèspektiv ;
- Bati relasyon ak moun yo ki gen eksperyans ak background diferan de nou ;
- Pratike anpati e eseye konprann eksperyans lòt moun ;
- Aji ak solidarite epi sipòte e defann moun ki “diferan” yo.



## Pou kontinye reflechi

- Ki aksyon konkrè ou ka pran pou chanje konpòtman ki baze sou estereyotip ak prejije yo?
- Ki jan ou ka pataje nouvo konpreyansyon ou ak lòt yo?



**Nan chapit 3 a, nou pral wè ki jan nou ka aplike prensip egalite ak ekite yo nan lavi nou ak nan kominote nou yo.**

# CHAPIT 3: EGALITE AK EKITE



## Sa w'ap aprann

*Ou pa konn wè 2 moun ki gen menm opòtinite men youn nan yo pi fasil pou atenn objektif li? Oswa ou pa janm mande tèt ou poukisa "jis" ak "egal" pa toujou vle di menm bagay? Nan chapit sa a, nou pral wè diferans enpòtan ki gen ant egalite ak ekite e poukisa nou bezwen tou 2.*



Carlos ak Mia se 2 zanmi ki nan menm klas matematik. Yo gen yon egzamen enpòtan k ap vini e yo 2 ap prepare.

Carlos gen yon chanm pou li lakay li, yon biwo ak bon limyè, ak tout liv ak materyèl li bezwen yo. Papa l ak manman l ka ede l ak devwa yo e yo ka peye pou yon pwofesè prive si li bezwen.

Mia, sou lòt bò a, ap viv ak granmoun li ak 2 ti frè li nan yon ti chanm. Li pa gen yon kote trankil pou l etidye. Granmoun li ap travay 2 dyòb e li pa gen tan pou ede l ak devwa yo. Yo pa gen lajan pou materyèl oswa pwofesè prive.

Lè egzamen an rive, pwofesè a bay tout elèv menm tan an (1 è), menm papye a, ak menm kondisyon yo. Li di: "Mwen jis ak nou, tout moun gen menm bagay!"

Men Carlos ak Mia pa te kòmanse menm kote. Carlos te gen tout avantaj yo pou prepare l byen, men Mia te gen anpil defi ki pa te gen rapò ak entèlijans li oswa kapasite l.

Lè yo bay rezilta yo, Carlos fè pi gwo nòt pase Mia. Èske sa vle di Carlos pi entèlijan? Oswa èske gen bagay ki pa jis nan sistèm lan?



## Konprann sijè a

### **Ki sa ki Egalite?**

**Egalite** vle di bay tout moun menm bagay la, menm resous yo, menm opòtinite yo, menm tretman an.

### **Egzanp Egalite:**

- Tout elèv yo gen menm tan pou egzamen yo
- Tout moun gen dwa vote
- Menm salè pou menm travay la
- Menm règleman yo pou tout moun

### **Avantaj Egalite:**

- Klè ak senp pou konprann ak aplike ;
- Pa gen preferans ni diskriminasyon ;
- Tout moun ka kwè sistèm lan jis.

### **Ki sa ki Ekite?**

**Ekite** vle di bay chak moun sa yo bezwen pou yo gen menm chans pou rive nan objektif yo. Li rekonèt moun yo pa kòmanse nan menm kote.

### **Egzanp Ekite:**

- Elèv ki gen defi yo gen tan siplemantè pou egzamen yo
- Moun ki nan chèz woulant yo gen aksè ak ranp
- Moun ki pale lòt lang yo gen tradiksyon
- Sipò finansye pou moun ki gen mwens mwayen yo

### **Avantaj Ekite:**

- Konsidere defi ak sikonstans chak moun ;
- Vize pou tout moun gen menm rezilta ;
- Pi jis nan reyalite a.

## Poukisa nou bezwen tou 2?

Egalite ak Ekite yo konplemantè

- Egalite garanti dwa fondamantal yo
- Ekite asire chans reyèl yo egal

### Defi ak Solisyon yo

**Defi yo:**

• **"Li pa jis!"** : Gen moun ki ka santi lòt moun ap resevwa plis sipò pase yo.

• **Resous limite yo** : Pafwa pa gen ase resous pou tout moun jwenn sa yo bezwen an menm tan.

• **Idantifye bezwen yo** : Li enpòtan pou konnen ki moun ki bezwen kisa pou nou ka ede pi byen.

**Solisyon yo:**

- **Kominikasyon** : Eksplike poukisa ekite enpòtan
- **Evalyasyon** : Gade ki sa k ap mache e ki sa ki pap mache
- **Kolaborasyon** : Travay ansanm pou jwenn solisyon

### Egzanp nan Lavi jèn yo

**Nan Lekòl:**


- **Egalite**: Tout elèv yo gen aksè nan menm klas yo
- **Ekite**: Elèv ki gen pwoblèm aprann, yo gen sipò ak akòmòdasyon

**Nan Espò:**

- **Egalite**: Tout timoun yo ka jwe nenpòt espò
- **Ekite**: Ekipman ak opòtinite yo adapte pou entegre timoun ki gen kapasite diferan yo

**Nan Teknoloji:**

- **Egalite**: Tout elèv yo gen aksè ak òdinatè
- **Ekite**: Aksè entènèt ak sipò teknoloji nan kay ki bezwen yo



*"Egalite se bay menm bagay,  
Ekite se bay sa chak moun bezwen."*



## Kesyon pou reflechi

Gen yon moman nan lavi w kote ou te gen avantaj oswa dezavantaj konpare ak lòt moun yo?

1.

Sa rive w déjà ou wè yon sitiyasyon kote "egalite" te sanble « jis » men li pat jis nan reyalite a?

2.

Ki jan ou ka kontribye nan kreye pi plis ekite nan lekòl ou oswa nan kominote w?

3.

# **AKTIVITE PRATIK**

## 1. **Analize Sitiyasyon yo**

*Li senario yo epi decide si yo ka benefisye pi plis nan egalite oswa ekite:*

**Senaryo A:** 2 elèv k ap prepare pou inivèsite a , youn nan yo gen òdinatè ak aksè entènèt, lòt la pa gen anyen

**Senaryo B:** Yon kominikasyon nan travay kote gen moun ki pale lang diferan

**Senaryo C:** Yon konpetisyon espò kote gen moun ki gen defi fizik

## 2. **Ekite nan Lekòl**

Fè yon ti rechèch nan lekòl ou e idantifye:

- 5 egzanp egalite ki bon (bagay ki jis ak egal)
- 3 kote ki ta ka benefisye nan ekite (kote elèv yo bezwen sipò diferan)
- Pwopozisyon pou amelyore sitiyasyon sa yo

## 3. **Pwojè Kominotè**

Òganize ak zanmi oswa fanmi w pou:

- Idantifye yon pwoblèm nan kominote a ki gen bezwen pou ekite
- Chèche ki jan lòt kominote yo rezoud pwoblèm sa a
- Kreye yon plan aksyon ak fason pou kontribye



**Defi pou semèn nan**

**Chak jou, fè yon aksyon ki ale nan sans ekite**

- **Lendi:** Ede yon moun ki bezwen sipò w nan yon bagay
- **Madi:** Pataje resous ou yo ak moun ki pa genyen yo
- **Mèkredi:** Pale ak yon moun ki gen eksperyans diferan de ou
- **Jedi:** Esplike lòt moun diferans ki gen ant egalite ak ekite
- **Vandredi:** Fè yon aksyon ki ede kominote a



## Rapèl Kle

### Sa pou sonje:

- Egalite = menm bagay pou tout moun.
- Ekite = sa chak moun bezwen pou gen menm chans.
- Nou bezwen tou 2 pou kreye yon sosyete ki vrèman jis.
- Rekonèt avantaj ak defi yo se premye etap la nan kreye ekite.
- Ti aksyon yo ka fè gwo diferans nan lavi moun.




## Prensip pou aplike

- **Gade pi lwen pase aparans yo** : konprann kontèks ak sikonstans yo.
- **Koute ak aprann** : mande moun yo sa yo bezwen olye pou w devine.
- **Pataje resous yo** : itilize avantaj ou yo pou ede lòt yo.
- Sipòte sistèm ki jis yo : ankouraje règleman ak pratik ki pwomèt ekite.
- **Kontinye aprann** : rete ouvè ak nouvo konesans ak pèspektiv yo.



## Pou kontinye reflechi

- Ki jan mwen ka itilize resous ak opòtinite mwen yo pou kreye ekite?
- Ki sistèm nan kominote mwen ki ta ka pi jis ak pi ekite?
- Ki jan mwen ka ede lòt yo konprann diferans ki gen ant egalite ak ekite?



*Nan chapit 4 la, nou pral pale de ki jan nou etabli relasyon ki baze sou konsantman ak respè mityèl.*



# Pa kanpe la

Mèsi paske ou pran tan pou kòmanse vwayaj sa a.

Nan ekstrè sa a, ou te kòmanse reflechi sou kèk sijè fondamantal:

sèks ak jan, estereyotip, prejije, egalite ak ekite.

Men kesyon sa yo pa rete sèlman sou papye. Yo touche fason nou viv, fason nou wè tèt nou, fason nou trete lòt moun, ak kalite sosyete nou ap konstwi.

Se poutèt sa gid sa a pa fèt sèlman pou enfòmè. Li fèt pou akonpaye ou, ede ou poze kesyon, ede ou konprann pi byen epi ede ou grandi ak plis konsyans, plis respè, ak plis kouraj.

Men sa se sèlman kòmansman an. Nan vèsyon konplè gid la, ou pral kontinye vwayaj la atravè lòt chapit ki abòde kesyon esansyèl tankou:

- *konsantman ak respè*
- *pouvwa ak privilèj*
- *divèsite ak enklizyon*
- *lidèchip ak enfliyans*
- *rezilyans ak konfyans nan tèt ou*

Ou pral jwenn tou plis aktivite, kesyon refleksyon, ak zouti pratik pou ede ou soti nan konpreyansyon rive nan aksyon.

Si paj sa yo pote yon eko nan ou, kontinye vwayaj la. Paske egalite se pa yon kesyon ki konsène kèk moun sèlman. Li konsène nou tout.

E se ansanm, ak plis konsyans ak plis angajman, nou ka avanse.

Pou jwenn vèsyon konplè a: [www.genderequitalk.com](http://www.genderequitalk.com)